NEW YORK STATE OF OPPORTUNITY. | Developmental Disabilities Planning Council

Enfòmasyon sou Finansman Piblikasyon

Pwosesis ak Enstriksyon pou Aplikasyon pou Finansman Piblikasyon an

Chak ane fiskal, Konsèy Planifikasyon pou Defisyans Entelektyèl Eta New York (DDPC: New York State Developmental Disabilities Planning Council) la ofri finansman limite bay òganizasyon nan Eta New York pou sipòte fotokopi ak distribisyon piblikasyon, videyo, CD, elatriye, ***ki egziste deja***, pou ede moun ki gen defisyans entelektyèl, ansanm avèk manm fanmi yo, jwenn plis aksè a enfòmasyon, fòmasyon ak lòt aktivite k ap ogmante kapasite yo pou enfliyanse politik piblik.

Sipò finansman sa ak lòt aktivite yo fèt pou ranfòse patenarya ant moun ki gen defisyans entelektyèl ak fanmi yo avèk sistèm livrezon sèvis onivo eta ak federal yo.

Pwosesis Aplikasyon pou Finansman Piblikasyon

Y ap pran an konsiderasyon demann pou finansman nan kad objektif nou dekri pi wo yo, sèlman nan ka òganizasyon, epi nan mannyè ki dekri anba a:

- Remèt yon demann alekri bay Direktè Egzekitif DDPC a. Demann nan ap gen ladann piblikasyon w lan ki egziste deja, kantite dokiman pou yo pwodui epi kijan l ap nan avantaj moun ki gen reta devlòpman ansanm avèk fanmi yo.
- Bay yon plan distribisyon yo pwopoze (ki gen ladann Asosyasyon Paran ak Paran ak Defans Endividyèl Eta New York: Parent-to-Parent of New York State and the Self-Advocacy Association of New York State) ansanm ak yon plan pou rann dokiman an disponib pa imel epi nan lòt fòma.
- Mete yon bidjè detaye ki montre kijan ou gen entansyon itilize lajan DDPC w ap chèche a nan demann ou an. Bidjè w la dwe presize tou ke w ap jwenn yon montan egal nan men lòt sous.
- Piblikasyon an dwe endike sipò finansman DDPC a yon mannyè ki byen klè (pa egzanp, sou paj kouvèti a "Dokiman sa te tradui gras ak sipò Konsèy Planifikasyon pou Defisyans Entelektyèl Eta New York la.
- DDPC a egzije yon etid entèn tout dokiman anvan piblikasyon ak distribisyon yo
- Bay DDPC yon lyen elektwonik pou piblikasyon an pou yo ka itilize l sou sit entènèt DDPC a
- Yo ka apwouve yon maksimòm $5.000 pa ane, pou chak aplikan.

Tanpri Pran Nòt: Depans nan kad yon Sibvansyon Lajan pou Piblikasyon dwe fèt nan yon delè en an apati dat sibvansyon an, sinon y ap retire sibvansyon an.

Demann ak Plan Distribisyon pou Finansman Piblikasyon Konsèy Planifikasyon pou Defisyans Entelektyèl Eta New York la

NON PIBLIKASYON AN

OBJEKTIF PIBLIKASYON AN

KANTITE DOKIMAN Y AP GEN POU PWODUI:

KIJAN PIBLIKASYON SA AP NAN AVANTAJ MOUN KI GEN DEFISYANS ENTELEKTYÈL?

KIJAN Y AP DISTRIBYE PIBLIKASYON SA?

KISA BIDJE YO PWOPOZE A YE?

KIJAN Y AP REKONÈT KONSÈY PLANIFIKASYON POU DEFISYANS ENTELEKSYÈL LA AKLÈ NAN PIBLIKASYON AN?

Si ou gen kesyon oswa kòmantè sou aplikasyon sa, tanpri voye yon imel bay Konsèy Planifikasyon pou Defisyans Entelektyèl Eta New York la (NYS Developmental Disabilities Planning Council) nan ddpc.sm.pio@ddpc.ny.gov oswa rele nou nan: 1-800-395-3372.